## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы аттестация комиссиясының қарарларын тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «**Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илип-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында**»ғы 2020-жыл 6-ноябрдеги ПП-6108-санлы Пәрманы 6-бәнт екинши хатбасында белгиленген ўазыйпалардың орынлаўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы дүзилген аттестация комиссиясының 2021-жылдың 16-сентябрь күни өткерилген баянламасы қарары тийкарында ҳәм усы буйрықтың қосымшасында көрсетилген педагог хызметкерлердиң Өзбекстан Республикасы Президентиниң «**Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илип-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында**»ғы 2020-жыл 6-ноябрдеги ПП-6108-санлы Пәрманы 6-бәнт екинши хатбасы (“*республика пән олимпиадаларында ҳәм көрик-таңлаўлардың республика басқышында жеңимпазлықты қолға киритken оқытыўшылардың кәсиплик категориялары бир пағана асырылады*”) на муўапық, 2020-2021-оқыў жылындағы пән олимпиадасы бойынша Өзбекстан Республикасы басқышында жеңимпазларды таярлағаны ушын қосымшада аты көрсетилген педагог хызметкерлердиң әмелдеги категориялары бир пағана көтерилсин.

2. **Әмиўдәрья, Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районы халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

усы буйрықтың қосымшасында көрсетилген 2020-2021-оқыў жылындағы пән олимпиадасы бойынша Өзбекстан Республикасы басқышында жеңимпазларды таярлағаны ушын әмелдеги категориялары бир пағана көтерилген педагог хызметкерлердиң қәнигелик категориялары аттестация комиссиясы тәрепинен қарар қабыл етилген күннен баслап тарификациялық дизимнен өткериў ўазыйпасы жүклетилсин.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары**: Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанында дүзилген аттестация комиссиясының 2021-жыл 16-сентябрьдеги өткерилген жыйналысының 8-санлы баянлама қарары.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «16» - сентябрь
№ 206/1

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Xalq ta'limi vazirligining
2021 yil 16 sentyabrdagi
206/1 sonli bo'yrig'iga Ilova

**Qoraqalpog'iston Respublikasi bo'yicha Xalq ta'limi vazirligi pedagog kadrlar attestsiyasi komissiyasining 2021 yil 16-sentyabr kuni o'tkazilgan yig'ilish bayonnomasi qaroriga asosan malaka toifalarini berish to'g'risida**

**MA'LUMOT**

| № | Tuman nomi | Tálim muassasasi nomi yoki raqami | F.I.O | Dars berayotgan o'quv fani | Attestasiya natiyjalariga ko'ra komissiyasi qarori | Attestasiya natiyjalariga ko'ra berilgan malaka toyfasi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Amudaryo tumani | 14 | Umirbaeva Mayra Maratovna | Qozoq tili va adabiyoti | Attestatsiyadan o'tdi, oliy malaka toifasi berilsin | Oliy |
| | Qoraqo'zak tumani | 9 | Sayimova Sarsengul Alpisbayevna | O'zbek tili ( Davlat tili) | Attestatsiyadan o'tdi, oliy malaka toifasi berilsin | Oliy |
| 2 | Taxtako'ir tumani | 6 | Kaniyazova Dina Nasiratdinovna | Qoraqalpoq tili va adabiyoti | Attestatsiyadan o'tdi, birinchi malaka toifasi berilsin | Birinchi |